



Haitian Creole Edition
Grade 3 Mathematics Test, Book 2
May 5–7, 2010

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2

Ane **3**

5–7 me 2010

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703.
Copyright © 2010 by the New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of the New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

26

Mia te gen 385 kidan pou konstwi modèl yon kay. Li itilize 134 kidan pou fè twati a. Konbyen kidan li genyen ki rete pou l fè rès modèl kay la?

Montre travay ou.

Repons _____ kidan

Kontinye

27

Madmwazèl Carlson fè plan pou l kwit bonbon pou yon fèt klas la ap òganize. Li mande elèv nan klas li yo pou yo di ki bonbon yo pi pito. Chwa elèv yo endike nan tablo anba a.

BONBON YO PI PITO

Kalite	Kantite Elèv
Bonbon chokola	15
Bonbon avwàn	6
Biskwit jenjanm	9
Bonbon manba	?

Kontinye

Konplete piktogram anba a pou montre kantite elèv ki chwazi chak kalite bonbon.

Asire ou sèvi ak lejann yo bay la.

BONBON YO PI PITO

LEJANN	Kalite	Kantite Elèv
X = 3 elèv	Bonbon chokola	
	Bonbon avwàn	
	Biskwit jenjanm	
	Bonbon manba	X X X X

Baze sou piktogram lan, konbyen elèv ki chwazi bonbon **manba**?

Repons _____ elèv

Kontinye

28

Elèv nan klas Mesye Kirk yo fè pwen pou chak liv yo li pandan yo an vakans. Tablo anba a endike kantite pwen yo fè pou chak kantite liv yo li.

PWEN YO FÈ

Kantite Liv yo Li	1	2	3	4	5
Kantite Pwen Yo Fè	5	10	15	20	?

Konbyen pwen yon elèv ap akimile si li li 5 liv?

Repons _____ pwen





Lea panse li ka akimile 35 pwen si li li 6 liv. Sou liy anba yo, ekspike si Lea kòrèk.

Kontinye

29

Christy gen sou fòm figi yo montre anba a ti pase nan bouch pou chen. Li vle kase chak ti pase nan bouch pou chen yo sou ti liy la.

Trase yon gwo X sou ti pase nan bouch li pral separe an de **trapèz** yo.




Konbyen ang yon trapèz genyen?

Repons _____ ang

Kontinye

30

Kat elèv te patisipe nan yon konkou pou wè kilès ki ka sote kòd piplis san ratman. Grafik ba anba a montre kantite fwa chak elèv sote san ratman.



Pati A

Konbyen fwa Jason sote san ratman?

Repons _____ sote

Kontinye

Pati B

Konbyen fwa anplis Kai sote san ratman pase Renée?

Montre travay ou.

Repons _____ sote

Kontinye

31

Jamie ap sèvi ak ti baton atizanal pou konstwi yon modèl pou lekòl. Li gen 367 ti baton atizanal epi l achte yon lòt bwat ki gen 125 ti baton atizanal ladan l. Ki kantite total ti baton atizanal Jamie genyen?

Montre travay ou.

Repons _____ ti baton atizanal

Jamie ap bezwen 800 ti baton atizanal pou konstwi tout modèl la. Konbyen ti baton atizanal anplis Jamie bezwen?

Montre travay ou.

Repons _____ ti baton atizanal

RETE LA

Place Student Label Here



Ane 3
Egzamen Matematik
Liv 2
5–7 me 2010

Grade 3
Mathematics Test
Book 2
May 5–7, 2010

The McGraw-Hill Companies
